



NIMEWO DOSYE NIMEWO  
DOSYE W.C.B. \_\_\_\_\_

**TCHEKE YOON:**

- REPARASYON POU TRAVAYÈ YO NAN KAD AKSIDAN TRAVAY
- PONPYE VOLONTÈ
- TRAVAYÈ ANBILANS VOLONTÈ YO

NIMEWO DOSYE KONPAYI AN \_\_\_\_\_

**DEMANN POU REPARASYON NAN KAD AKSIDAN TRAVAY AK AVI KÒMANSMAN PWOSEDI JIDISYÈ YON ÒGANIS ENDEPANDAN** (Avi sa dwe prezante devan prezidan Komisyon Aksidan Travay yo, antrepriz ki bay travay lan ak konpayi asirans antrepriz ki bay travay lan nan yon espas 30 jou aprè aksyon an te entwodui.)

NIMEWO SEKIRITE  
SOSYAL KANDIDA AN \_\_\_\_\_

1. Non Moun ki Blese oswa Mouri an \_\_\_\_\_

2. Adrès \_\_\_\_\_  
(Ri ak Nimewo an) (Vil oswa Lokalite) (Eta) (Kòd postal)

3. Non \*Patwon an \_\_\_\_\_  
Nan ka avantaj pou Ponpye Volontè yo ak Travayè Anbilans Volontè yo, yo konsidere sibdivizyon politik ki responsab la (oswa sèvis anbilans ki pa afilye a jan sa defini nan Atik 30, VFBL oswa Atik 30 VAWBL) antanke "ANTREPRIZ KI BAY TRAVAY LA".

4. Adrès \_\_\_\_\_  
(Ri ak Nimewo an) (Vil oswa Lokalite) (Eta) (Kòd postal)

5. Konpayi Asirans Antrepriz ki bay travay lan \_\_\_\_\_

6. Adrès \_\_\_\_\_  
(Ri ak Nimewo an) (Vil oswa Lokalite) (Eta) (Kòd postal)

7. Dat Aksidan an \_\_\_\_\_ 8. Kote Aksidan an fèt la \_\_\_\_\_

9. Sa ki lakòz Aksidan an \_\_\_\_\_

10. Kategori Blese a \_\_\_\_\_

11. Non Doktè oswa Lopital ki ap bay Swen an \_\_\_\_\_ 12. Adrès \_\_\_\_\_

13. Pwosed jidisyè ki kòmanse nan dat \_\_\_\_\_ nan tribinal \_\_\_\_\_ ki nan konte \_\_\_\_\_  
(Mwa, Jou ak Ane)  
\_\_\_\_\_, nan Eta \_\_\_\_\_ an, kont \_\_\_\_\_  
(Non Òganis Endepandan an)

14. Non Avoka mwen an \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn \_\_\_\_\_

15. Adrès \_\_\_\_\_

Mwen, (nou) moun yo deziyen an (yo), fè konnen nan okazyon sa gen yon pwosed jidisyè ki te kòmanse kont youn oswa plizyè òganis endepandan pou tout avantaj yo dwe m (nou) yo dapre Lwa sou Reparasyon nan kad Aksidan Travay yo. Avi sa bay nan konfòmite ak dispozisyon Atik 29 nan Lwa sou Reparasyon nan kad Aksidan Travay yo jan li ye nan amandman (Atik 20, VBFL ak atik 20, VAWBL).

TOUT MOUN KI, AK TOUT VOLONTE L EPI KI GEN ENTANSYON FÈ MAGOUY PANDAN L AP PREZANTE, FÈ PREZANTE OSWA PREPARE, PANDAN LI KONNEN OSWA KWÈ YO PRAL PREZANTE L DEVAN OSWA ATRAVÈ YON KONPAYI ASIRANS, OSWA YON ÒGANIS OTO-ASIRANS, NENPÒT ENFÒMASYON KI GENYEN FO DEKLARASYON KI GRAV OSWA KI KACHE YON ENFÒMASYON KI ENPÒTAN, AP KOUPAB POU YON KRIM EPI AP SIBI MEZI KOTE L AP PEYE AMANN EPI ALE NAN PRIZON.

Nan Dat \_\_\_\_\_ Siyati Kandida an \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn \_\_\_\_\_

**SI GEN DEMANN AVANTAJ KI TE FÈT NAN KAD LANMÒ MOUN KI SOU KONT KANDIDA YO DWE RANPLI PATI DÈYÈ NAN FÒM SA. GADE NAN PAJ DÈYÈ A POU JWENN ENFÒMASYON POU KANDIDA AN.**

NAN KA KOTE GEN LANMÒ RANPLI SA KI PI BA AN:

1. Dat Lanmò an \_\_\_\_\_ 2. Sa ki lakòz lanmò an \_\_\_\_\_

3. Non Dènve Doktè oswa Lopital ki te bay Swen an \_\_\_\_\_ Adrès \_\_\_\_\_

(Tout moun ki sou kont kandida yo ki vle kòmanse pwosedi jidisyè kont yon lòt moun dwe siyen pi ba an):

(Non)	Adrès:	(Dat nesans)	(Lyen fanmi ak moun ki mouri an)
(Non)	Adrès:	(Dat nesans)	(Lyen fanmi ak moun ki mouri an)
(Non)	Adrès:	(Dat nesans)	(Lyen fanmi ak moun ki mouri an)
(Non)	Adrès:	(Dat nesans)	(Lyen fanmi ak moun ki mouri an)

ENFÔMASYON POU KANDIDA AN

Si yon anplwaye, nan moman li ap travay la, ta vin blese oswa mouri poutèt neglijan oswa erè nenpòt moun ki pa yon kòlèg travay (oswa anplwaye nan konpayi asirans antrepriz ki bay travay lan oswa sendika anplwaye yo), anplwaye sa oswa moun ki sou kont li yo kapab asepte avantaj reparasyon nan kad aksidan travay yo epi kòmanse pwosedi jidisyè kont lòt moun lan, ki lakòz anplwaye sa blese oswa mouri an. Lòt moun sa pote non "LÒT MOUN" epi nenpòt aksyon lajistis oswa lòt pwosedi ki fèt kont li ap prezante antanke yon "AKSYON KONT LÒT MOUN" sa.

"Aksyon kont lòt moun" sa dwe kòmanse nan espas sis mwa aprè yo fin bay avantaj reparasyon ann kad aksidan travay la men pa plis pase yon lane aprè aksidan an te fèt la (pou eksepsyon yo ale gade nan "ASIYASYON" pi ba an). Antrepriz ki bay travay la an (oswa konpayi asirans li an) pral gen yon dwa privilèj sou ranbousman final kandida an resevwa nan men "lòt moun" lan, nan limit avantaj reparasyon ki bay la ak depans medikal ki te fèt yo.

NAN YON ESPAS TRANT JOU APRÈ KÒMANSMAN AKSYON KONT LÒT MOUN LAN, OU DWE REMÈT YON KOPI FÒM SA, KI RANPLI EPI OU SIYEN BAY MOUN KI PI BA YO:

1. PREZIDAN KOMISYON AKSIDAN TRAVAY YO.
2. ANTREPRIZ KI BAY TRAVAY LAN.
3. KONPAYI ASIRANS ANTREPRIZ KI BAY TRAVAY LAN, SI LI GENYEN.

ASIYASYON

Si kandida an pa kòmanse pwosedi jidisyè an epi antrepriz ki bay travay la oswa konpayi asirans lan ba l yon avi alekri fas a fas oswa atravè yon imèl, 30 jou anvan peryòd yon lane an fini, dwa kandida an genyen pou "Aksyon kont Lòt Moun" lan pral vin ann avantaj antrepriz ki bay travay la, SOF SI, kandida an kòmanse "Aksyon kont Lòt Moun" lan nan fen ane an.

Lè antrepriz k ap bay travay la pa bay avi alekri an, tan pou kandida an kòmanse pwosedi jidisyè an ap pwolonje pi lwen pase limit yon lane an epi rive nan ekspirasyon 30 jou aprè avi alekri an vin jwenn li nan imèl la sòti bòkote antrepriz ki bay travay la oswa konpayi asirans lan, ki enfòm kandida an sou asiyasyon an ki pral fèt sof si kandida an kòmanse "Aksyon kont Lòt Moun" lan nan peryòd 30 jou aprè avi an.

Si antrepriz ki bay travay la oswa konpayi asirans lan, antanke ke moun yo asiyen an, jwenn nan men "lòt moun" lan, nan jijman oswa nan yon lòt fason, yon kantite lajan ki pi plis pase kantite:

1. Avantaj Reparasyon nan kad Aksidan Travay la, ak
2. depans trètman medikal konpayi asirans la peye, ak
3. depans ki rezonab epi nesèsè pou jwenn ranbousman an; epi aprè sa yo dwe peye de tyè nan lajan anplis sa rapid vit bay kandida an (oswa moun ki sou kont li yo).

Yon kandida ki te konfòme li ak lwa an ap resevwa yon kantite ki egal ak avantaj konplè nan kad aksidan travay yo menm aprè li kòmanse aksyon jidisyè kont lòt moun lan. Si kantite kandida an resevwa epi kolekte aktyèlman an mwens pase kantite kandida an (oswa moun ki sou kont li yo) ta resevwa nan yon reparasyon an, antrepriz ki bay travay la oswa konpayi asirans lan dwe kontribiye nan mete diferans ki genyen nan mitan kantite kandida (oswa moun ki sou kont li yo) an kolekte aktyèlman an ak reparasyon nan kad aksidan travay li gen dwa resevwa a.

ATANSYON - RÈGLEMEN AKSYON KONT LÒT MOUN LAN KANDIDA AN (OSWA MOUN KI SOU KONT LI YO) FÈ.

Pou prezève dwa ou li genyen pou l jwenn reparasyon ensifizan an, kandida an (oswa moun ki sou kont li yo) pa kapab regle aksyon an kont "Lòt Moun" lan si:

1. li te jwenn apwobasyon alekri antrepriz ki ba l travay la oswa konpayi asirans lan anvan, oswa
2. demann lan te regle dapre yon òdonans sou antant yon jij tribinal la te fè kote Aksyon kont Lòt Moun lan ap annatan.

(Dokiman orijinal : Lwa sou Reparasyon nan kad Aksidan Travay, Atik 29 amande an, ki an vigè apati dat 1ye Septanm 1967 la ak Atik 20, VBFL ak Atik 20, VAWBL).

Notifikasyon ki fèt Daprè Lwa Pwoteksyon Vi Prive Pèsonèl New York la (Lwa Ofisyè Piblik yo Atik 6-A) ak Lwa Federal sou Vi Prive pou ane 1974 (5 U.S.C. Atik 552a).

Otorite Komisyon Aksidan Travay la pou mande enfòmasyon pèsonèl nan men kandida yo sòti egzakteman nan Atik 20 ak 142 an nan Lwa sou Reparasyon nan kad Aksidan Travay la. Yo kolekte enfòmasyon yo pou ede Komisyon an trete demann yo nan yon fason ki efikas epi pou ede li nan konsève rejis demann ki presi.

Komisyon an angaje l tout bon nan pwoteje konfidansyalite tout enfòmasyon pèsonèl li kolekte yo. Enfòmasyon sa yo ap kominike anndan ajans lan sèlman bay pèsonèl ak ajan Komisyon an nan kad travay ofisyèl yo. Enfòmasyon pèsonèl yo ap kominike andeyò ajans lan sèlman nan konfòmite ak lwa eta ak federal ki aplikab yo.

Direktè Operasyon Komisyon an, ki lokalize nan 328 State Street, Schenectady, NY 12305 (877-632-4996), premyèman, ap gen responsablite pou l jere rejis ajans ki gen enfòmasyon pèsonèl sou kandida yo.

Lè w pa chwazi bay enfòmasyon yo mande nan fòm sa a, sa p ap lakòz yo refize demann ou an, men sa kapab lakòz gen yon reta nan trètman demann ou an. Lè w chwazi bay Nimewo Sekirite Sosyal ou, sa pèmèt Komisyon an fè si enfòmasyon yo gen pou wè ak, epi pou gen aksyon rapid ki fèt pou, demann ou an.

AVI HIPAA - Nan objektif pou trete yon demann reparasyon nan kad aksidan travay, WCL13-a(4)(a) ak 12NYCRR 325-1.3 mande pou pwofesyonèl swen sante yo depoze rapò trètman medikal yo regilyèman devan Komisyon an ak konpayi asirans lan oswa antrepriz ki bay travay la. Daprè lwa 45 CFR 164.512 la rapò medikal ki obligatwa nan yon kad legal yo pa rantr nan restriksyon HIPAA an nan kad kominikasyon enfòmasyon sou sante yo.